

Deklarasyon Enpak Ekite: Mizajou Sou Pwogram Ete 2022

Tit: Mizajou Sou Pwogram Ete

Dat: 27 Avril 2022

Èske yo te itilize [Zouti Planifikasyon Ekite Rasyal](#) la? Wi Non

Si wi, mete dat reyinyon REPT la(yo) epi lyen pou REPT ki fini yo la a: _____

Èske yon manm Depatman Ekite, Estrateji, ak diferans nan Opòtinite te revize deklarasyon sa a? Wi Non

Seksyon Zouti Planifikasyon Ekite Rasyal BPS yo	Rezime / Jistifikasyon
<p>1. Pwopozisyon/Prezantasyon ak Enpak <i>Ki rezilta pwopozisyon/travay la vle jwenn, sa ki gen ladan l elimine gwo inegalite ki genyen yo? Kiyès ki te dirije travay/planifikasyon sa a, epi èske yo reflekte idantite gwoup elèv ak fanmi BPS yo (gwoup kle yo gen ladan yo: moun nwa yo, latino, azyatik, endijèn yo, imigran, sak pale plizyè lang, ak sa ki fè eksperyans nan Edikasyon Espesyal yo)?</i></p>	<p>BPS ap lanse yon pwogram ete konplè pou asire tout elèv jwenn opòtinite ki ankouraje devlopman sosyal ak emosyonèl, ankouraje aprantisaj kontini pandan ete a, elimine diferans nan opòtinite yo, epi bay eksperyans anrichisman. Sa patikilyèman enpòtan pou elèv ki soti nan popilasyon yo te konn toujou rejte yo, ki gen ladan elèv ki pa blan yo, ak moun k ap aprann Anglè (ELs) ak/oswa ki gen andikap yo.</p> <p>"Eksperyans Ete" se yon lis opòtinite gratis (eksepte si yo esplike l yon lòt fason) ki gen ladan:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Pwogram Summer Stuff antite ki pa nan BPS ofri (souvan ki baze sou frè) ● 5yèm Trimès pwogram aprantisaj ak anrichisman BPS ki òganize nan lekòl oswa nan lokal patnè yo ● Pwogram Early Focus BPS pou sipòte elèv ki apèn ap aprann yo ● Pwogram pou fè nòt pou gradye Lekòl Segondè Pwogram Espesifik lekòl BPS sou envitasyon ● Pwogram pou Elèv k ap aprann Anglè ki sitou entegre nan 5yèm Trimès; lòt moun sou envitasyon ● Ane Eskolè Pwolonje (ESY) sou envitasyon pou elèv ki gen Plan Edikasyon Espesyal yo (IEPs) ki gen ladan ESY. ● Inisyativ Lekòl ki fè Konkou yo (ESI) sou envitasyon pou sipòte elèv ki soti nan gwoup ki pa reprezante ase nan lekòl ki fè konkou yo. ● Travay pandan sezon ete atravè vil Boston ak patnè ki bay posibilite pou touche ak aprann pou jèn ki gen laj 14-24 <p>Objektif pou ete 2022 yo gen ladan yo ogmante kantite plas nan pwogram 5yèm Trimès la, kantite pwogram ki gen orè pou jounen pwolonje, chwa transpò ki disponib yo, ak aksè a manje fre.</p> <p>Gwoup Travay Ete a gen ladann anplwaye Biwo Aprantisaj ak Patenarya Elaji, Edikasyon Espesyal, Elèv k ap Aprann Anglè, Diferans nan Opòtinite, Etablisman, Transpò, Manje ak Nitrisyon, Kapital Imèn, Finans, ak Pwofesè. Gwoup la gen ladann patisipan ki idantifye kòm Nwa, Latino, ak Azyatik; gen anpil eksperyans nan planifikasyon pwogram pou elèv nou yo, ki gen ladan Elèv k ap aprann Anglè yo ak elèv ki gen andikap yo; ak ki gen eksperyans lavi kòm paran, imigran, ak ansyen elèv nan lekòl distri nou an.</p>
<p>2. Adaptasyon ak Plan Estratejik la <i>Ki jan pwopozisyon an/efò a adapte l ak plan estratejik distri a?</i></p>	<p>Eksperyans sezon ete a ann amoni ak plan estratejik distri a pou elimine diferans ki genyen nan opòtinite ak nan reyisit pou tout elèv, akselere aprantisaj, fè patenarya yo mache, ak ogmante opòtinite nan agrandi bon kalite pwogram andeyò lekòl pou tout elèv, espesyalman pou sa ki soti nan popilasyon yo te konn rejte yo.</p>

<p>3. Analiz Done yo <i>Ki done yo te analize? Èske li te separe sou baz ras ak lòt gwoup enpòtan? Ki sa li te montre sou kesyon inegalite yo?</i></p>	<p>Kòmantè sou dènye òf pwogram ete pase yo te yon faktè kle nan efò ogmantasyon pou ete sa a. Nan konvèsasyon ki te kontinye fèt ak fanmi yo, ki gen ladan moun ki pa t enskri elèv yo nan pwogram ete 2021 an, distri a te aprann te gen bezwen pou plis aksè a kote moun ka ale a pye oswa bay transpò nan otobis. Anplis de sa, fanmi yo te mande pou jwenn plis aksè a manje ki prepare sou plas, ak jou ki pi long, alafwa pou l posib pou fanmi k ap travay yo epi asire ase tan pou anrichisman, ak plis aksè a manje ki prepare sou plas. Yo te konsidere tou kòmantè edikatè yo konsènan ogmantasyon salè pou koresponn a salè pou ane lekòl la, pou asire ase edikatè pou bay plis pwogram.</p> <p>Nan kontèks kote manke moun pou travay nan sezon lete ak otòn 2021, yo pa te rive kolekte done egzat sou patisipasyon elèv pandan ete 2021. Pandan ete 2022, nou pral kolekte done egzat epi asire yo divize yo pou pi byen kontwole patisipasyon, ki gen ladan siksè ak inegalite ki bezwen aksyon anplis.</p>
<p>4. Angajman Aktè konsène yo <i>Kiyès ki te pran angajman (kantite, gwoup enpòtan yo, ak wòl yo), kòman, e ki sa sa te bay? Ki sa elèv/fanmi ki plis santi enpak pwopozisyon sa a/efò sa a te di?</i></p>	<p>Se yon ekip moun ki gen fonksyon diferan ki te devlope Pwopozisyon Aprantisaj Ete a (gade pi wo a) ak fidbak nan men ekip k ap dirije distri a ak direktè jeneral lekòl yo. Anplis de sa, plis pase 100 patnè potansyèl yo te angaje atravè Boston After School and Beyond pou aprann sou opòtinite kolaborasyon, epi idantifye alafwa BPS ak lokal ki baze nan kominote a pou pwogram.</p> <p>Lidè lekòl yo te kontribye atravè plizyè santèn apèl telefòn ak manm ekip planifikasyon an, sitou konsènan lokal pwogram yo. Yo te mete vwa fanmi an grasa fidbak ak sijesyon nan men Konsèy Konsiltif Paran Edikasyon Espesyal, Konsèy Paran nan tout vil la, ak Komite Konsiltatif pou Elèv k ap Aprann Anglè Distri a, ak nan men ekip Pratik Angajman Fanmi-Lekòl.</p>
<p>5. Estrateji sou Ekite Rasyal <i>Kòman pwopozisyon sa a/efò sa a diminye inegalite yo epi ogmante ekite rasyal ak lòt ankò? Ki kèk konsekans nou pa panse ki ka rive? Ki estrateji anplis ki ka pote avansman nan kesyon ekite a?</i></p>	<p>Rechèch Rand Corporationfè konfime jiska de tyè nan inegalite ki genyen nan pousantaj gradyasyon nan lekòl segondè ak nan inivèsite ant elèv ki gen revni ba ak kamarad ki gen revni wo yo ka eksplike akòz aksè inegal nan opòtinite aprantisaj ete ak anrichisman. Nan kontèks enpak negatif chwa pandan pandemi an genyen, planifikasyon pwogram ete yo te prepare ak lide pou mete aksan sou ogmante aksè a plis opòtinite anrichisman, nan plis lokal.</p> <p>Yo te chwazi lokal yo pou ogmante aksè nan katye ki gen anpil elèv ki defavorize ekonomikman yo ak elèv ki pa blan yo, bilding ki fasil pou jwenn nan transpò piblik ak/oswa gwo kantite moun k ap mache, ak bilding ki ta ka resewva plizyè pwogram.</p> <p>Elaji patenarya pou asire bon jan anrichisman, amizan ak dirab nan domèn kiltirèl ak lengwistik vize ogmante atirans pou fanmi ak elèv ki otreman ta ka pa atire nan kesyon “lekòl ete” a. Anplis de sa, pwosesis enskripsyon an bay elèv ki pa gen kay ak elèv k ap aprann Anglè yo priorite, ansanm ak frè epi sè pou fanmi yo ka pi fasil pwofite pwogram yo.</p> <p>Kounye a n ap travay ak patnè kominotè yo, ekip Pratik Angajman Fanmi-Lekòl ak ekip Angajman Kominotè, moun ki an kontak ak fanmi ki baze nan lekòl yo, ak konseye pedagogik pou asire fanmi yo ak elèv yo enfòmè sou opòtinite pandan sezon ete yo epi jwenn sipò pou fini pwosesis enskripsyon an.</p>
<p>6. Bidjè ak Aplikasyon <i>Ki enpak bidjè a? Kòman aplikasyon li pral asire tout objektif yo, patikilyèman objektif ki gen rapò ak ekite yo reyalize? Ki idantite gwoup ki nan ekip aplikasyon an, epi èske y ap pote yon</i></p>	<p>Te gen yon gwo detèminasyon pou elaji pwogram ete ak yon investisman \$15 milyon dola anplis. Pandan pwogram sou envitasyon sèlman tankou pwogram pou fè nòt pou gradye Lekòl Segondè ak ESY gen bidjè ki vrèman menm jan ak ane pase a, investisman sa a pral ogmante nonsèlman kantite pwogram yo, men tou opòtinite transpò ak jounen pi long.</p> <p>Investisman sa a gen ladan tou finansman pou koresponn ak to nòmal pa èdetan edikatè yo (\$51.74) pou atire ase anplwaye. Yo pral finanse plis pase 6 milyon dola atravè Sekou Ijans pou Lekòl Elemantè ak Segondè (ESSER). Yon lòt gwo ogmantasyon se pri patenarya atravè Boston Afterschool and Beyond, ki pral ogmante enskripsyon elèv yo pandan ete a 20%, epi asire pwogram sa yo pa pral fonksyone nan defisi.</p>

<p><i>vizyon ki baze sou ekite?</i></p>	<p>Ekip aplikasyon an gen ladann manm Gwoup Travay Ete a ak patnè nou yo, anpil ladan yo reflekte kilti fanmi nou yo, tankou Devlopman Ekonomik Kominote Afriken New England, Akademi Afrimerican, Sant pou Kilti Arab, Enstiti Sèvis Fanmi Imigran, Freedom House, Sociadad Latina, ak lòt ke anplwaye yo reflekte elèv y ap sèvi yo, tankou YMCA ak Boys & Girls Clubs.</p>
<p>7. Responsablite ak Kominikasyon <i>Ki jan y ap evalye, dokimante epi pale sou enpak yo ak aktè konsène yo? Kiyès k ap responsab?</i></p>	<p>Gwoup Travay Ete a pral devlope yon sondaj pou fanmi k ap patisipe yo aprann dirèkteman nan eksperyans yo. Gwoup la pral revize tou done rekritman ak done prezans elèv yo.</p> <p>Gwoup Travay la pral rapòte rezilta yo bay Komite Lekòl Boston ak piblik la sezon otòn sa a.</p>